Jumtukaay yiy aar ci bépp doomu jàngoro

Ci biir yaramu doomu aadama bu nekk, am na ay jumtukaay yu koy aar ci xeetu doomu jàngoro yépp, di xeex ak lépp lu ko mën a jural feebar. Jumtukaay yooyu dañoo bari ba pare tasaaroo ci yaram wépp. Benn bu nekk ci ñoom mu ngi yëngëtu ci biir yaram wi di am ligeey boo xam ni moom rekk a koy ligeey.

Jumtukaay yi nekk ci deret ji

Ci deretu doomu aadama, am na ñaari xeetu jumtukaay. Benn bi mooy golobul yu xonq yi; ñoo tax yaram wi di mën di noyyi ndaxte ñoo koy indil oksisen wi mu soxla, di ko genneel karbon bi. Beneen bi mooy golobul yu weex yi; seen ligeey mooy aar yaram wi ci bépp jàngoro.

Am na golobul yu weex yoo xam ni lenn rekk lañuy ligeey: xàmmee bépp doomu jàngoro bu dugg ci yaram wi. Yeneen golobul yu weex yi ñoom dañuy xeex ak yeneen doomi jàngoro yu bokkul ak yooyu mës a dugg ci yaram wi.

Golobul yu weex yiy xàmmee doomu jàngoro yiy dugg ci yaram wi

Golobul yu weex yi itam ñaar lañu, yii ñu dàkkantale leen B, yi ci des T. Yi ñu dàkkantale B ñooy defar jumtukaay yi nga xam ni saa yu doomu jàngoro duggee ci yaram wi,, ñooy fexe ba nuróo ak moom, duggante ak moom ngir mën a xam lu mu làmboo. Su ko defee, ñu daal di koy yégël seen yeneen moroom yiy aar yaram wi, ndax ñu song doomu jàngoro jooju, daal di xeex ak moom.

Golobul yu weex yi ñu dàkkantale T mën nañu am melo yu bari. Ci ñoom, am na yu ñuy wax CD4 ak yu ñu tudde CD8. Yi ñuy wax CD4 ñooy lëkkële bépp xeex bu yaram wi di xeex ak doomu jàngoro yi. Dinañu dimbali itam golobul B yi ci xàmmee bépp doomu jàngoro bu dugg ci yaram wi.

Golobul yu weex yooyu tudd CD4 am na ligeey bu am solo bu ñuy def naxte ñoo jiite ligeey bi tax deret ji di mën a ray doomu jàngoro yiy jur SIDA. Saa yoo xamee ni doomu jàngoroy SIDA dugg na ci yaram wi ba ray golobul CD4 yooyu, golobul CD8 yi ñooy ñëw bokksi ci xeex bi, daal di song doomu jàngoroy SIDA bi ngir mën a fexe ba ray ko.

Yeneen jumtukaayu xeex yi nekk ci deret ji

Ni ko golobul yu weex yi di defe, am na yeneen jumtukaayu xeex yoo xam ni itam dañuy song bépp doomu jàngoro bu fexe ba dugg, ba toog ci yaram wi. Waaye ñoom, seen ligeey moo gën a yaatu ndaxte mën nañu song doomi jàngoro yu bari te wuute.

Am na ci ñoom ñoo xam ni ñooy xeex ak doomi jàngoro yi nga xam ni dañoo rëy ba mel ni ay sax.

Yeneen jumtukaayu xeex yi gën a ndaw ñaar lañu:

- yiy wër ci deret ji ak yaram wi di ray bépp doomu jàngoro bu mën a jur feebar yiy ànd ak SIDA, di ray itam bépp barab bu doomu jàngoroy SIDA nekk
- yi nga xam ni dañuy jóge ci deret ji jëm ci bépp barab bu nekk ci yaram wi, ngir xeex ak lépp lu feeñ ci yaram wi te mel ni newwi-newwi, xasan-xasan wala càqar.

grupo de trabajo sobre tratamientos del VIH
e-mail: contact@gtt-vih.org
website: www.gtt-vih.org
Barcelona (España)

POR FAVOR, FOTOCÓPIALO Y HAZLO CIRCULAR

Colaboran: ETIS TROPICAL DRASSANES
Subvencionado por: GOBIERNO DE ESPAÑA MINISTERIO DE SANIDAD Y POLITICA SOCIAL Secretaría del Plan Nacional sobre el Sida
Generalitat de Catalunya Departament de Salut Pla Director d'Immigració
Ajuntament de Barcelona Àrea d'Acció Social y Ciutadania